

Èd memwa

Premye reyinyon al avoka a



Prepare pou reyinyon an ak avoka a



- Reflechi sou tout enfòmasyon ou vle bay avoka a
- Prepare dokiman idantite w
- Mande yon moun pou akonpaye w si sa nesesè (zanmi, fanmi, moun k ap bay swen, elatriye)

Poze avoka a kesyon pandan premye reyinyon an

Apre w fin rakonte istwa w, pa wont pou poze avoka w kesyon!
Se travay yo pou reponn kesyon ou yo.

Pou egzanp, ou ka mande:

- | | |
|---|---|
| <ul style="list-style-type: none">• Èske w te janm gen dosye ki sanble?• Konbyen tan li te kapab pran anvan jiskaske ka mwen an rezoud?• Ki chans pou m reyisi?• Kisa k ap pase si mwen pèdi?• Ki lòt opsyon yo (medyasyon, negosyasyon?) | <ul style="list-style-type: none">• Ki dokiman ou bezwen?• Kouman mwen ka kominiye avèk ou?• Imèl, telefòn, tèks, Whatsapp?• Mwen ka atann a yon repons nan men nou nan konbyen tan?• Ki pwochen etap yo? |
|---|---|

Si avoka peye atravè èd legal

- Kisa mwen dwe fè pou mwen elijib pou èd legal?
- Kilè wap konfime pou mwen ka jwenn èd legal?
- Èske tout dosye mwen an pral avèk èd legal oswa si mwen pral oblige peye pou sèten pati?

Si avoka peye pa ou

- Konbyen l ap koute m?
Èske w ap chaje m alè?
Eske ou ka ban mwen yon pri pou tout travay la fèt?
- Kouman mwen ta dwe peye?
Chèk, kat kredi, lajan kach?
Èske mwen ka peye an vèsman yon fwa oswa tout nan yon fwa?
Kilè m ap oblige peye?
- Eske nou pral siyen yon kontra?

Yon avoka ta dwe...

- Pran tan pou rankontre tèt ou.
- Poze kesyon epi pran nòt.
- Siyen yon kontra ki eksplike travay yo ak pri a.
- Ba ou yon fakti ak yon resi apre peman ou yo.
- Reponn demann/apèl ou yo nan yon tan rezonab.
- Rankontre w epi prepare w pou yon entèwogasyon oswa yon odyans.
- Kenbe w enfòme sou fason ka w la ap pwogrese.

Devwa ou, paske pa blyie ke se dosye ou

- Poze kesyon.
- Pran nòt pandan reyinyon an ak avoka pou pa blyie anyen.
- Asirew ke imel ou ak mesajri ou ap travay.
- Pa siyen yon fòm enkonplè oswa fo.
- Repon vit avoka a lè li voye mesaj ba ou.
- Voye dokiman li mande yo byen vit ba li.

- Enfòme avoka w si gen chanjman nan sitiyasyon w (pa egzanp, chanjman adrès, separasyon, nesans yon timoun, elatriye).
- Kenbe dosye ekri (imel, mesaj tèks) nan akò ou ak echanj ak avoka a.
- Valide ke avoka oswa konsiltan an anrejistre nan Bar la oswa :

nan CCIC la :



Ou gen dwa pou w chwazi yon lòt avoka si ou pa satisfè ak sèvis li yo



- Li pral oblige ba w dosye w la oswa transfere li bay nouvo avoka w la.
- Li pap kapab enfliyanse jij la oswa moun kap pran desizyon an pou fè kaw la mal.
- Wap genlè peye pou travay li te deja fè a.
- Ou gen dwa depoze yon plent swa nan Baro oswa nan CCIC

Cet outil a été réalisé grâce à la contribution financière de Justice Canada et de la Chambre des notaires du Québec. Cependant, seule La Maison Bleue est responsable de son contenu.